

Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Nan pwochen chapit nou an, nou pral fè entèpretasyon chema epi nou pral chache konprann istwa yo rakonte a. Pa egzanp : dyagram adwat la montre kantite lajan asosyasyon elèv la yo reyalize nan lave machin.

Menm kèk manyè nou ka entèprete chema a pou ka aprann plis enfòmasyon sou sa ki te pase a :

- Apeprè konbyen lajan anplis yo te reyalize nan ane 2004 la pase nan ane 2003 a ?
- Ant ki de (2) ane te gen yon diminisyon nan kantite dola yo te reyalize a ?

Anpil chema reprezante relasyon matematik, epi yo ka itilize ekwasyon oubyen fòmil pou reprezante relasyon sa yo. Nou pral aprann enfòmasyon sou fòm chema ki reprezante relasyon ki repete, relasyon lineyè epi relasyon kwadratik ansanm ak relasyon eksponansyèl, ki montre sitiyasyon kote gen yon kantite ki miltipliye plizye fwa pa yon chif ki pi gran pase 1.

Vokabilè Pandan kou yo, nou pral aprann de (2) tèm nouvo ki nan vokabilè a :

grafik lineyè

envès miltiplikatif

Kisa w ka fè lakay ?

Ou ka pale de chema ou wè nan magazin, jounal, sit entènèt, oubyen reklam ak elèv ou an pou ede elèv la li istwa chema yo reprezante a. Poze kesyon sa yo pou w ka eseye jwenn istwa chema a reprezante :

- Kisa chema a reprezante ?
- Kisa chak pwen reprezante ?
- Èske gen yon konparezyon ant atik ki nan chema a ?
- Èske w ka itilize chema a pou predi yon bagay ki pa klèman reprezante nan chema a ?

Jwenn istwa chema a reprezante a ka yon eksperyans ki enteresan epi ki orijinal, epi ou ka pataje eksperyans lan ak elèv ou an. Amize w byen !

Lajan yo reyalize nan lave machin

